Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 43 (6879) 7 ноябрь 2023 с. Талат РабигIул ахир 1445 с. Багьа - эркенаб

ВАТIАНИЯБ TIАЛАБ TIОБИТIУЛАГО

## «Каспий» батальоналъул гIахьалчагIи нухарегIиялъулъ гIахьаллъана Гъалип Гъалипов

### ВатIан цIунизе тавпикъ кьеги

**Бакълъулазул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас гIахьаллъи гьабуна жидеего бокьун «Каспий» батальоналде гъорлъе лъварал бакълъулал, дагъистаниял нухарегIиялъулъ. Тадбир тIобитIана Республикаялъулаб лъайкьеялъул «Солнечный берег» централда.**

Гьединго тадбиралда гIахьаллъи гьабуна ДРялъул муниципалитетазул нухмалъулез ва цогидаз. Жиндирго кIалъаялъулъ Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас баркала загьир гьабуна «Каспий» батальон гIуцIизе кумек гьабурал шагьаразул, районазул нухмалъулезе ва цогидазде хитIаб гьабуна гьездасан мисал босеян.

ВатIан цIунулел нухарегIиялъулъ гIахьаллъана «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул



гIуцIиялъул гIахьалчи ХIамзат ГIизудиновги. «Каспий» батальоналда гъорлъ ругел бакълъулазул суратал рахъана ва гара-чIвари гьабуна гьес.

Абизе ккола «Каспий» батальон Дагъистаналъул нухмалъулев Сергей Меликовасул жигаралдалъун гIуцIараб буго. Батальоналъул щибав гIахьалчиясе республикаялъ хасаб ретIел ва цогидаб хIажатаб чIезабун буго. Рагъулаб цIали гьез гьабизе буго Тамбовалъул областалда, гьелдаса хадур рагъулаб хъулухъ борхизе ине руго Донбассалде, СВОялъул мухъалде.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас батальоналъул гIахьалчагIазе гьарана хъулухъ борхизе тавпикъ ва кинабго лъикIабщинаб. Бакълъулазул тIалъиялъ спецоперациялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизаназе кIвараб кумек гьабулеб буго.

СВОялъул рагъухъабазе 10 тоннаялдасаги цIикIкIун гуманитарияб къайи битIана, ВатIан цIунулезул гIага-божарал хIалтIудалъун хьезариялде кIвар кьолеб буго ва цогидаб бажарараб гьабулеб буго.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ГIорхъи чIезаби, ракь, минаялъе документал гьари...

### Анкьил хIасилал гьаруна

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда араб анкьалъ администрациялда тIобитIана росабазда гьоркьоб гIорхъи чIезабиялъул, ракь, минаялъе «зеленка» гьабиялъул, СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизаназе кумек гьабиялъул ва цогидал кIвар бугел суалал рорхараб данделъи. Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз.**



Дандеруссиналда ДРялъул Бакълъул мухъалда бугеб МФЦялъул директор ГIумар МухIамадовас бицана ракъалъе, минаялъе «зеленка» гьабизе мурадалда тIуразе хIажатал ишазул.

Муниципалитеталъул администрациялъул аппаратальул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереевас данделъиялъул гIахьалчагIаздехун хитIаб гьабуна хIалтIул гIадлу-низам хвезабугеян, документал жиндир заманалда тIураян.

Республикаялъул ва цогидал идарабазул вакилзабаз бицана анкьил хIалтIул ккарал хIасилазул ва тIуразе ракIалда ругел масъалабазул. Тадбиралъул ахиралда Гъалип Гъалиповас лъазабуна жиде-жидер жавабчилъиялда ругел масъалаби ракIбацIцIадго тIуразе хIаракат бахъеян.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

## Физкультуриябгун спортивияб комплекс (ГТО) тIокIлъиялда кьуна бакълъулазул тIалъиялъ

**Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, гьесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас ТIолгороссиялъул физкультуриябгун спортивияб комплекс «Готов к труду и обороне» (ГТО) тIокIлъиялда кьуна.**

Дагъистаналъул муниципалитетазул нухмалъулез ГТО кьеялъулъ гIахьаллъи гьабуна МахIачхъалаялда «Труд» стадионалда. Гьездехун саламалъулаб кIалъай гьабуна ДРялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министр Сажид Сажидовас, гьесул заместитель Зайнал Салаудиновас ва цогидаз.

МухтарахIмад АхIмадовас рихьизаруна бищун лъикIал хIасилал. Ахиралда Сажид Сажидовасул нухмалъиялда данделъиги тIобитIана.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Гъалип Гъалипов: «Умумуз нилъее васиятлъун тана сундулъго яхI-намус, къадру-къимат цIуни»**

- 2 гьум.




**СагIидбег МутагIилов СВОялъул рагъухъан Сабир ХIасановгун дандчIвана**

- 2 гьум.




**Игьалиса МухIамад МуртазагIалиев – гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпион**

- 2 гьум.




**ЦIиликьа ХIабиб ДавудхIажиев – Халкъазда гьоркьосеб турниралъул чемпион**

- 2- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Гъалип Гъалипов: «Умумуз нилъее васиятлъун тана сундулъго яхI-намус, къадру-къимат цIуни»

### Сахал гIолилал – жамгIияталъул бечелъи

**Бакълъул мухъалъул росабазул бегавулзабаз, диниял идарабазул, муниципалитеталъул ОМВДялъул вакилзабаз, жамгIиял хIаракатчагIаз ва цогидаз гIахьаллъи гьабураб данделъи тIобитIана районалъул администрациялда. Тадбир бачана бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас.**



Дандеруссиналда рорхана цIиял гIелазе тарбия кьеялъул, гIолилал квешалдаса цIуниялъул, рухIияб рахъ бечелъиялъул ва цогидал суалал.

Гъалип Гъалиповас баян гьабуна улкаялъул тушбабазул квешал пикрабаздаса гIолилал цIуни щивасул борч букIин. «МахIачхъалаялъул аэропорталда ккараб лъугьа-бахъиналъ иргадулаб нухалъ бихьизабуна нилъер ВатIаналъул тушбаби кьижун гьечIолъи, гIолилал къосинаризе гьез къойидасакъойиде хIаракат бахъулеб букIин.

Ццидахараб къокъа аэропорталдеги цогидал гIадамазе хIажатал бакIазде кIанцIиялъ пайда гьабуларо, гIаксалда, зарал ккола. Палестинаялъеги гьедин кумек щоларо. Аэропорталде кIанцIараб къокъаялъ жидеегоги, хъизаназеги, республикаялъеги зарал гьабуна.

ХIурматиял Бакълъул районалъул хIаракатчагIи! Нилъеца бажарараб гьабизе ккола гIолилал цIуниялъе, букIинеселда гIадлу-низам гьез хвезабурал ишал дагь гьариялъе ва тIубан тIагIинабиялъе. Америкагун Украиналъул нилъ ва нилъер гIолилал къосинаризе нухдаинарула ругел хIалтIабазе данде рагъ баялде кIвар буссинабизе кола.

Бакълъул районалъул гIолиласдехун абизе бокьун буго – нуж нижер божилъи, гьанжесеб ва букIинесеб. Нуж руго эбел-инсул, чIужулъималазул мугъ чIвалел хIубал, хIинкъи гьечIолъи. Нужер гIакълу, лъай, ритIарал пикраби хIажат буго районалъе, ДагъистаналъеУмумуз нилъее васиятлъун тана сундулъго яхI-намус, къадру-къимат цIуни, гьеб малъула нилъеда исламалъги. Гьаб информациялъулаб рагъул заманалда бицарабгун рагIаралде божилъи гьабизе бегьуларо. Пикраби рацIцIадго цIунизе, рагIаралъул рагIа-ракьанде щун цIер-рех гьабизе хIаракат бахъизе ккола.

Дир гьари буго цIодорго рукIаян, Дагъистаналъе, Кавказалъе ва тIолго нилъер улкаялъе къор гьезе бокьарал гIемерал руго. Нацистазде данде рагъула руго нилъер ракьцоял. Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул мурадги буго квешал къуватазде данде къеркьей, гьениб бахIарчилъи бихьизабулеб буго нилъер рагъухъабаз, рухIалда барахщичIого.

Нилъер ракьалда низам хвезабизе бокьаразул, гIолилазул гIумру хвезабизе, гьел къосинаризе, нилъер ракьалда питна бекьизе бокьаразул анищал тIуразе кумек гьабулеллъун рукIунге. Гьари буго нужго ва хъизан-агълу цIунеян», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Гьединго дандеруссиналда бицана нахъеккунги СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул гIага-божаразе кумек гьабиялъул. Тадбиралъул ахиралда бакълъулазул тIалабал лъикI ва гIужда тIуразе хIаракат бахъеян лъазабуна районалъул бетIерас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## Данухъ СПКялда цIоросаролъалъул бачIин цIикIкIана

**2023-абилеб соналъ «Данухский» СПКялда арал сонадаса цIикIкIун цIоросароль бекьун букIана. СПКялъул нухмалъулев ГIабдурахIман ГIабдулхIамидовас баян гьабуна гьеб культураялъул бачIиналъул къадар исана кутакалда лъикI букIин, гьесул хIаракаталдалъун хIажатаб техникаги щвана бачIин бакIаризе.**

Бакълъулазул районалъул росдал магIишаталъул ва экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовасул рагIабазда рекъон, цебе рехсараб ва цогидал районалъул кооперативал церетIеялъе хIалтIаби нухдаинарулел руго муниципалитеталда.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

## Игьалиса МухIамад МуртазагIалиев – гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпион

### Бергьенлъаби цIикIкIаги

**Албаниялъул Тиран шагьаралда тIоритIарал спортивиял къецазда гIахьаллъи гьабуна дунялалъул 46 улкаялдаса 204 спортсменас. Россиялъул командаялда гьорлъ вукIана Бакълъул районалъул Игьали росулъа МухIамад МуртазагIалиев (87 кг цIайиялде щвезегIан). Финалияб цеве вахъиналда, Хорватиялдаса Матея Мандича къезеги гьавун, гьев вахъана дунялалъул гугариялъул рахъалъ чемпионлъун.**

МуртазагIалиев ккола МахIачхъала шагьаралъул «Спартак» школалъул тарбиячи, тренер – Ингишо росулъа



Артур КъурамухIамадов.

2020-абилеб соналъул сентябралда МухIамадица Владимир шагьаралда гIолилазда гьоркьор тIоритIарал къецазуль лъабабилеб бакI босана.

2022-абилеб соналъул 22-абилеб августалда Казань шагьаралдаги лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана.

2023-абилеб соналъул 8-абилеб февралалда Уфаялда призёрлъун вахъана. Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас МухIамад МуртазагIалиевасда ва гьесул тренер Артур КъурамухIамадовасда баркана чемпионлъун вахъин, гьарана нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби ва сундулъго цебетIей.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

## ЦIиликьа ХIабиб ДавудхIажиев – Халкъазда гьоркьосеб турниралъул чемпион

**Бакълъул районалъул ЦIиликь росулъа ХIабиб ДавудхIажиев Халкъазда гьоркьосеб Нефтеюганскалда тIобитIараб гугариялъул турниралда чемпионасул цIаралъе мустахIикълъана.**

Депутат Владимир Семёновасул призазе гIоло тIобитIараб Халкъазда гьоркьосеб турниралда гIахьаллъи гьабуна Россиялдаса 200 спортсменас, гьединго 12 къватIисел хIукуматаздаса спортсменазги.

ХIабиб ДавудхIажиев лъабго нухалъ цеве вахъана турниралда тIоцебесеб бакI ккуна. Гьединго, бищунго рекIее асар гьабураб речIиялъухъ абуни приз щвана бакълъулазул спортсменасе.

Муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас ДавудхIажиевасда баркана чемпионасул цIар щвей, гьарана нахъеги бергьенлъаби ва сундулъго битIккей.

**Макка МухIамадова**

БАРКИ

## Баркула халкъалъул цолъиялъул къо

**ХIурматиял районцоял! РакI-ракIалъ баркула ТIолгороссиялъул байрам – Халкъалъул цолъиялъул къо. Гьеб байрамалъ ракIалде щвезабула бищунго захIматаб заманалда нилъер гIемермиллатазулаб халкъалъул цолъиялъ захIмалъаби къезаризе, гьелъул эркенлъи ва чияда бачIолъи цIунизе нухал рагьараблъи.**




Октябралъул революциялъеги, гьелда хадусеб тарихалъеги кинаб къимат кьолеб бугониги, Россия букIана кIудияб пачалихълъун, гьединаблъун хутIизеги хутIана. ГIемермиллатазулаб Россиялъул халкъалъ кидаго цIунана гIагараб ВатIаналде рокьи.

Гьеб байрамалъул мурад буго улкаялъул экономикияб гуч цIикIкIинабиялъе Россиялъул жамгIияб цолъи букIинаби. Божилъи загьир гьабула, Россиялъул халкъазгун цадахъ, нилъер Бакълъулазул районалъул гIадамазги ВатIан цебетIезабиялъе гIоло жигараб къеркьей хадубккунги гьабизе букIиналда. Гьарула кинагезе щулияб сахлъи. Халатаб гIумру, хIалтIулъ, цIалулъ бергьенлъаби, ракълилаб, роцIараб зоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер Гъалип Гъалипов**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

## СагIидбег МутагIилов СВОялъул рагъухъан Сабир ХIасановгун дандчIвана

**ЦIаналъ росдал школалъул директор СагIидбег МутагIилов дандчIвана Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи Сабир ХIасановгун.**

гIумруялдаса ятIалъиялда бан. СагIидбег МутагIиловас муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул рахъалдасан



Бакълъул районалъул Игьали росулъа Сабир ХIасанов СВОялъул мухъалдаса рокъове вачIана, кIодоэбел гьесда зигара бана. Аллагьас ХIасанил кIодоэбел алжаналъул агълулъун гьаеги. Амин.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

РИТМ ГУМБЕТА

## Участник СВО Саид Дарбишмагомедов из села Чирката уничтожает танки врага

**Боец спецоперации по денацификации и демилитаризации Украины Саид Дарбишмагомедов из села Чирката Гумбетовского района уничтожает танки и другую технику врага в Запорожской области.**

Пожелаем нашим защитникам Отечества легкой службы и скорейшего возвращения домой с победой! #Россия #МойДагестан #Гумбетовскийрайон #Нашимгероям #ГалипГалипов #СаидДарбишмагомедов #Странасолнца #Победилифашизмпобедиминеофашизм #МойДагестан #ГумбетовцынаСВО #Странагор #МыВместе #ГероиСВО #ГамзатИзудинов #Медиа_группаГумбет #Гумбетовцы #Чирката #Чиркатинцы



Дарбишмагомедов служит в противотанковых войсках, подбил десятки танков и другой техники неофашистов киевского режима, поддерживаемых НАТО. Воин уже больше года защищает Новороссию, проявляет себя доблестно, успешно выполняет боевые задачи.

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## «Нет ненависти и вражде»

**С 1 по 10 ноября ОМВД России по Гумбетовскому району проводит профилактическое мероприятие на тему "Нет ненависти и вражде". Главная цель – предупреждение и пресечение экстремисткой деятельности, формирование у граждан нетерпимости к экстремисткой идеологии, в том числе предупреждения вовлечения несовершеннолетних и молодежи в экстремистскую деятельность.**

В рамках профмероприятия по всей стране проходят круглые столы, адресные лекции и беседы, направленные на профилактику экстремистских проявлений, развитие гражданской активности в духе патриотизма, нетерпимости к проявлениям ксенофобии. Особое внимание уделяется лицам, находящимся в "зоне риска" (выходцы из неблагополучных, социально-дезориентированных семей, подростки и молодежь, имеющие склонности к агрессии, силовому решению проблем и споров). Большое внимание уделяется формированию надлежащего поведения в сети Интернет.

ОМВД России по Гумбетовскому району напоминает гражданам, что за совершение экстремистских действий законодательством Российской Федерации предусмотрена юридическая ответственность.

Кодекс об административных правонарушениях предусматривает следующие основные правонарушения:

Статья 20.3 КоАП РФ Пропаганда либо публичное демонстрирование нацистской атрибутики или символики, либо атрибутики или символики экстремистских организаций, либо иных атрибутики или символики, пропаганда либо публичное демонстрирование которых запрещены федеральными законами;

Статья 20 . 3 . 3 . КоАП РФ Публичные действия, направленные на дискредитацию использования Вооруженных Сил Российской Федерации в целях защиты интересов Российской Федерации и ее граждан, поддержания международного мира и безопасности или исполнения государственными органами Российской Федерации своих полномочий в указанных целях, оказания добровольческими формированиями, организациями или лицами содействия в выполнении задач, возложенных на Вооруженные Силы Российской Федерации.

Статья 20.29 КоАП РФ Производство и распространение экстремистских материалов;

Статья 20.3.1 КоАП РФ Возбуждение ненависти либо вражды, а равно унижение человеческого достоинства.

"Ответственность за данные правонарушения экстремистского характера предусматривается в виде штрафов в размере до 20 000 рублей для граждан (для юридических лиц – до 1 млн), а также обязательных работ на срок до 100 часов и административного ареста до 15 суток",

Уголовный кодекс Российской Федерации включает в себя следующие основные составы экстремистских преступлений:

Статья 280 УК РФ Публичные призывы к осуществлению экстремистской деятельности;

Статья 282 УК РФ Возбуждение ненависти либо вражды, а равно унижение человеческого достоинства;

Статья 282.1 УК РФ Организация экстремистского сообщества;

Статья 282.2 УК РФ Организация деятельности экстремистской организации;

Статья 282.3 УК РФ Финансирование экстремистской деятельности.

"За данные преступления экстремистской направленности УК РФ предусматривает наказания в виде штрафов до 800 тысяч рублей, обязательных работ до 480 часов, ограничение свободы до 2 лет, принудительные работы до 5 лет, лишение свободы до 15 лет".

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району
подполковник полиции
М.А. Адилгереев**

СТРАНА ГОР

## Осенне - зимний пожаробезопасный период

**Осенью над многочисленными дачными участками и частными домами с приусадебными участками можно увидеть «растекающиеся» клубы дыма. Это владельцы перед наступлением зимы приводят свои владе-ния в порядок: сжигают мусор, ветки, картофельную ботву. Получается и быстро, и дешево. Нет мусора на поле или дачном участке - нет проблем. Однако сжигание приводит к серьезному загрязнению окружающей среды и наносит непоправимый вред здоровью людей. К тому же пожары в лесах, примыкающих к дачным участкам, также могут возникнуть именно из-за сжигания мусора.**

Перед началом отопительного сезона нужно проверить исправность печи и дымохода, отремонтировать и вычистить сажу. Следует не реже одного раза в три месяца очищать от скопления сажи дымоходы комнатных печей. С наступлением минусовых температур увеличивается количество включенных в сеть электронагрева-тельных приборов, а, следовательно, и нагрузка на электропроводку. В ряде случаев из-за естественного старе-ния, также вследствие длительного периода эксплуатации с перегрузкой, происходит пробой изоляции и ко-роткое замыкание электропроводки, которое приводит к возникновению пожара. Ни для кого не секрет, что электрическая проводка во многих жилых домах города и района, а особенно в жилых домах старой построй-ки, находится далеко не в идеальном состоянии. Но люди, не имея другого жилья, продолжают жить в таких домах, ремонтируя электропроводку своими силами, причем во многих случаях не имея соответствующих знаний и навыков, а это может привести к пожару.

Другая распространенная причина пожаров - нарушение правил пожарной безопасности при эксплуа-тации бытовых электронагревательных приборов. Не пренебрегая элементарными правилами пожарной без-опасности, вы сохраните свое жилье, имущество, а может быть, и жизнь. Ведь последствия пожара несопоста-вимы ни с какими расходами на ремонт «домашнего очага». Поэтому хотелось бы сказать еще раз, что Ваша безопасность в Ваших руках.

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

РИТМ ГУМБЕТА

## Доброволец батальона «Каспий» Магомед Нажмудинов из Гумбета с друзьями едет защищать Родину

**Добровольцы батальона «Каспий», представляющие Гумбетовский район, дали интервью медиа-группе «Гумбет».**

Нажмудинов Магомед Сулейманович, отец двоих детей, решил стать участником данного подразделения. Вместе с Нажмудиновым контракт с Минобороны России подписали и его друзья. Нажмудинов поблагодарил за поддержку Главу Дагестана Сергея Меликова, заместителя Председателя Народного Собрания РД Сайгидахмеда Ахмедова, главу Гумбетовского района Галипа Галипова.

Доброволец также обратился к землякам по поводу событий в Международном махачкалинском аэропорту имени дважды Героя Советского Союза Амет-Хана Султана. «Не поддавайтесь на провокации врагов!» – сказал Магомед Нажмудинов. Пожелаем нашим защитникам Отечества легкой и успешной службы! #Россия #МойДагестан #СергейМеликов #СайгидахмедАхмедов #БатальонКаспий #Гумбетовскийрайон #Нашимгероям #ГалипГалипов #МагомедНажмудинов #Странасолнца #Победилифашизмпобедиминеофашизм #МойДагестан #ГумбетовцынаСВО



#Странагор #МыВместе #ГероиСВО #ГамзатИзудинов #Медиа_группаГумбет #Гумбетовцы

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Шамиль Дибиров представляет Гумбетовский район в батальоне «Каспий»

**Гумбетовский район Дагестана в первом добровольческом батальоне «Каспий» представляет Шамиль Набигулаевич Дибиров.**

Он отметил высокий боевой дух участников батальона и поблагодарил главу Гумбетовского района Галипа Галипова за поддержку. «Так как мои друзья решили стать добровольцами батальона «Каспий», решили подписать контракт с Минобороны России, у меня тоже появилось желание подписать контракт и вступить в ряды батальона «Каспий». Мы отправляемся в Тамбовскую область, чтобы пройти учебку в течение месяца. Потом нас направят на Донбасс, для защиты Новороссии. Выражаю огромную благодарность главе Гумбетовского района Галипу Исагаджиевичу Галипову за оказанную поддержку», – отметил Шамиль Дибиров. Пожелаем успехов нашим защитникам Отечества!

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# В Гумбете проходит ОПМ «Подросток-2023»

**На территории Республики Дагестан во взаимодействии с заинтересованными министерствами, ведомствами и органами местного самоуправления в период с 30 октября по 12 ноября 2023 года проводится межведомственное оперативно-профилактическое мероприятие «Подросток- 2023» (далее - МОПМ «Подросток-2022»).**

Основными задачами МОПО «Подросток-2023» являются: выявление детей, находящихся в трудной жизненной ситуации, и оказание им необходимой помощи; выявление подростков-правонарушителей и подростков антиобщественной направленности; принятие мер по предупреждению их противоправного поведения, оказание социально - реабилитационной помощи; выявление несовершеннолетних, уклоняющихся от учебы; выявление и привлечение к ответственности лиц, вовлекающих несовершеннолетних в совершение преступлений и антиобщественных действий; выявление и привлечение к ответственности лиц, совершающих преступления и антиобщественные действия в отношении несовершеннолетних; выявление причин и условий, способствующих противоправному поведению несовершеннолетних; выявление и привлечение к ответственности лиц, вовлекающих несовершеннолетних в незаконные массовые акции, предотвращение вовлечения их в деструктивную, в том числе экстремистскую деятельность.

В рамках операции на территории района проводятся проверочные и рейдовые мероприятия в местах массового пребывания несовершеннолетних и молодежи, направленные на выявление детей, находящихся в трудной жизненной ситуации, и оказание им необходимой помощи, выявление подростков-правонарушителей и подростков антиобщественной направленности; принятие мер по предупреждению их противоправного поведения, оказание социально -реабилитационной помощи, выявление несовершеннолетних, уклоняющихся от учебы; принятие мер по возвращению их в образовательные организации для продолжения обучения.

Проводятся работы, направленные на выявление и привлечение к ответственности лиц, вовлекающих несовершеннолетних в совершение преступлений и антиобщественных действий.

Также хочется напомнить детям и родителям, что согласно требованиям Федерального Закона РФ от 28.04.2009г. № 71-ФЗ и закона Республики Дагестан от 18.11.2009г. № 69. детям находиться в ночное время (с 22:00 до 06:00) в общественных местах в том числе и на улице без сопровождения родителей или законных представителей запрещено.

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции М.А. Адилгереев**

# Право на проведение митингов гарантировано статьей 31 Конституции РФ, согласно которой каждый вправе собираться мирно и без оружия

**-Федеральным законом «О собраниях, митингах, демонстрациях, шествиях и пикетированиях» от 19.06.2004 N 54-ФЗ (далее – ФЗ № 54) определен:**
- порядок организации митингов;
-правила определения мест для проведения мероприятий;
-субъектный состав участвующих (организаторы, участники);
-основания для приостановления и прекращения митинга.

-Закон запрещает незапланированный массовый сбор людей.

В силу статьи 7 ФЗ № 54 организатору необходимо предварительно подать заявку на проведение митинга в орган исполнительной власти того субъекта, где он проводится. Далее производится согласование места его проведения.

-К территориям, на которых проведение митингов запрещено, относятся железнодорожные пути, площадки, примыкающие к зданиям органов власти, и т.д. Кроме того, нельзя проводить митинги там, где они могут нарушить работу инфраструктурных объектов, повлиять на движение транспорта.




Ответственность за любые нарушения, связанные с организацией и проведением массовых собраний людей, установлена статьей 20.2 КоАП РФ и наступает с 16 лет.!!

Несанкционированный митинг отличается от санкционированного тем, что проводится без предварительного согласования с исполнительным органом власти. За проведение такого мероприятия и участие в нем предусмотрена различного рода ответственность.

Поведение участников любого публичного мероприятия - митинга, шествия, пикетирования, регламентировано законом. В частности, Федеральный закон запрещает участнику:

– скрывать свое лицо, применять маскировку и предметы, которые затрудняют идентификацию личности человека по его внешним признакам;

– хранить и носить при себе предметы, ограниченные или запрещенные в гражданском обороте: любое оружие, колющие и режущие предметы, взрывопожароопасные вещества, предметы, которые могут быть использованы в качестве оружия, пиротехнические изделия, ядовитые и едко пахнущие вещества и другие предметы, согласно перечня, указанного в части 4 статьи 6 Федерального закона;




– хранить, употреблять, распространять алкогольную и спиртосодержащую продукцию, включая пиво и пивные напитки;

– находиться в месте проведения публичного мероприятия в состоянии опьянения;

– совершать иные противоправные действия, нарушающие общественный порядок (нецензурная брань, непристойные жесты, неповиновение законным требованиям сотрудника полиции, призывы к насилию и прочее);

– причинять вред имуществу или личности.




Частью 5 статьи 20.2 КоАП РФ предусмотрена ответственность за участие в митинге с нарушением установленного законом порядка.

А именно, участники массового мероприятия не вправе носить маски, находиться в состоянии опьянения, приносить оружие, алкоголь, фаеры, и т.д.

Если правила участия в массовом мероприятии нарушены, возможно наложение штрафа от 10 до 20 тысяч рублей, либо назначение наказания в виде обязательных работ (до 40 часов).

-Кроме того, участники массовых мероприятий могут понести более суровую ответственность, если в результате нарушения правил проведения митинга имуществу или здоровью граждан будет причинен вред.!!

В этом размер штрафа может достигать 300 тысяч рублей, а срок обязательных работ – 200 часов. Кроме того, участника могут арестовать на 15 суток.




Законом предусмотрена уголовная ответственность для организаторов митинга.

В соответствии со ст. 212.1 Уголовного кодекса Российской Федерации, нарушение установленного порядка организации либо проведения собрания, митинга, демонстрации, шествия или пикетирования, если это деяние совершено неоднократно, наказывается штрафом в размере от шестисот тысяч до одного миллиона рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от двух до трех лет, либо обязательными работами на срок до четырехсот восьмидесяти часов, либо исправительными работами на срок от одного года до двух лет, либо принудительными работами на срок до пяти лет, либо лишением свободы на тот же срок.

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъалъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.